

RAGAM BASA SAJRONE MEDHIA SOSIAL YOUTUBE AKUN LONDO KAMPUNG

Muhammad Ihya Ulumuddin

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
muhammadulumuddin@mhs.unesa.ac.id

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung minangka salah sawijine akun kang kerep nggawe vidheo kanthi nggunakake basa Jawa. Akun *youtube* Londo Kampung wis kondhang lan nduweni pamirsa kang akeh banget, amarga vidheo-vidheone nggunakake konten kang lucu sarta eksperimen sosial. Vidheo-vidheone akeh kang ngemot ragam basa Jawa sajrone interaksi ing bebrayan. Akun *youtube* Londo Kampung kasebut digawe dening bule saka Australia, yaiku Dave Andrew Jephcott saengga basa kang digunakake nduweni ragam basa Jawa ngoko. Kahanan kasebut nuwuhake kontak basa kang bisa nyebabake mlebu antar unsur basa. Tujuwane panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake wujud ragam basa, wujud alih kode, campur kode, lan unsur interferensi sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung. Asile panliten iki bisa kanggo ngrembakake ilmu basa Jawa ing bidhang sosiolinguistik.

Teori kanggo panliten iki yaiku teori dheskriptif kualitatif. Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif asipat sinkronis. Dhata panliten iki yaiku ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung. Sumber dhatane awujud tembung, frasa, klausa, lan pacaturan sajrone vidheo-vidheo medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung kang ngandhut ragam basa. Methode nglumpukake dhatane nggunakake teknik nyimak lan nyathet. Tata cara nyuguhake dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara formal informal. Asile panliten iki ditemokake wujud ragam basa Jawa ngoko-dialek, ragam basa Jawa ngoko-krama, ragam basa Jawa ngoko-Indonesia, ragam basa Jawa ngoko-Indonesia, ragam basa Jawa ngoko-Iggris, lan ragam basa Jawa ngoko-Arab. Panliten iki nguatake konsep ngenani ragam basa, alih kode, campur kode, lan interferensi ing bidhang sosiolinguistik. Kurange panliten iki durung bisa emokake dhata sajrone campur kode baster lan campur kode ungkapan utawa idiom. Kanggo panliten sabanjure diprayogakake luwih nengenake aspek basa kang digunakake kanthi subjek panliten, situasi, lan sumber kang beda.

Tembung-tembung wigati: ragam basa, medhia sosial *youtube*, londo kampung, alih kode, campur kode, interferensi.

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Basa dadi salah sawijine piranti komunikasi lan interaksi kang wigati kanggo manungsa. Kanthi basa manungsa bisa nularake utawa medharake idhe, kekarepan, uneg-uneg lan liya-liyane. Basa uga bisa nggambarake rasa batine manungsa kaya seneng, bungah, susah, gatekake, ngamuk, lan sapanunggale. Selaras karo panemune Keraf (1997:4), kanthi komunikasi kita bisa ngandharake kabeh apa kang dirasakake, dipikirake, lan kita ngerteni marang wong liya.

Ragam basa kacipta amarga anane perangan sosial, adat, pranatan kang salah, keturunan manca lan kahanan liyane. Tetembungan kang digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka ragam basa iku diarani ragam basa (Hastuti. 2003:8). Saka panemu kasebut bisa dingerteni yen basa bisa dadi alat komunikasi kang wigati tur dadi salah sawijine perkara kang ndadekake basa kang werna-werna, ora kang pakem saka paramasastra, babagan basa kang kaya iku kang diarani ragam basa.

Salah sawijine panganggane ragam basa amarga keturunan manca bisa ditemokake ing medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung kang nduweni pamirsa lan

pangikut subscriber kurang luwih sayuta nem atusan kang wis kasuwur ing Indonesia. Medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung kang digarap dening Dave Andrew Jephcott, bule asli saka negara Australia kang melu Bapake kang dadi dhosen ana ing Indonesia awit umur rong tahun lan netep ing Surabaya mligine ing Dukuh Kupang taun 1989, saengga ragam basa Dave Andrew Jephcott yaiku Basa Jawa Surabayaan kang rada beda karo lumrahe.

Medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung kang digarap dening Dave Andrew Jephcott kasebut merlokake kawigatan kanggo panliten amarga akun Londo Kampung kasebut nduweni peran gedhe yaiku nglestarekake ragam basa Jawa. Akun Londo Kampung uga dadi salah sawijine medhia sosial *youtube* kang nguri-uri ragam basa Jawa lan diolah karo wong manca kang wis pinter nggunakake basa Jawa Surabayaan. Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku nggunakake teori Chaer (2010) lan Aslinda (2014:83) kang ngandharake interferensi bisa merbawani unsur basa kang nyebabake panyimpangan norma basa sajrone tuturan dwibahasawan minangka proses panampene unsur basa liya sajrone salah sawijine basa tartamtu. Dave Andrew Jephcott sajrone ngolah lan nggarap akun Londo Kampung nggunakake ragam basa

Jawa Surabayan, nanging kadhang kala diselingi karo basa Inggris logat Jawa kanggo pengantare, saengga kacipta ragam basa Jawa kang lucu tur narik kawigaten. Saliyane iku, akun *Londo Kampung* uga nuduhake panganggane ragam basa sajrone solah bawa awujud *simpatik*, andhap asor, lan guyon. Nanging akeh-akehe ragam basa kang digunakake ing akun *Londo Kampung* kanggo gejojean, amarga akun *youtube* kang digarap dening Dave Andrew Jephcott munjer ing konten *komedi* utawa gejojean kayata nyuguhake vidheo-vidheo guyon, *prank*, lan plesiran menyang panggon wisata-wisata kanthi basa Surabayan.

Panliten kanthi topik ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung* iki narik kawigaten amarga akun kasebut beda karo akun-akun *youtube* liyane. Senadyan nduweni konten kang padha nggunakake basa Jawa, nanging akun *Londo Kampung* iki diolah lan diperanake langsung karo wong manca dhewe kang wis mahir nggunakake basa Jawa. Akun *Londo Kampung* uga nduweni paedah kang akeh lumantar sketsa panganggane basa Jawa Surabayan kanthi gejojean sahingga para pamirsa ora bosen kanggo ndeleng sinambi sinau basa Jawa Surabayan ing akun *youtube* kasebut. Medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung* kawitanane nyuguhake konten kang ngandhut lagu-lagu basa Jawa lan pengalaman padinan dadi bule ing Indonesia. Banjur Dave Andrew Jephcott katarik kanggo nggawe vidheo kang luwih realistis, tegese bisa luwih cedhak tumrap bebrayan Jawa kanggo antuk respon kang luwih nyata. Dave uga tau ngomong yen tujuwane nggawe konten *Londo Kampung* iku kanggo mancing gemuyune para pamirsa lan motivasi supaya bisa terus sinau basa Inggris lan basa Jawa.

Jlentrehan ing ndhuwur nduweni dudutan ngenani nile kang narik kawigaten nanging uga rada miris. Pawongan manca malah luwih seneng lan katarik karo warisan budaya basa Jawa, dene putra-putri nuswantara dhewe kang tansaya isin lan nglalekake basa dhaerahe dhewe. Saliyane iku uga akeh jinise ragam basa sajrone akun *Londo Kampung* kasebut. Mula saka iku, topik panliten iki yaiku njlentrehake panganggane basa kanthi nganakake panliten ngenani ragam basa kang nganalisis jinise ragam basane.

1.2 Underan Panliten

Adhedhasar jlentrehan lelandhesan panliten ing ndhuwur, mula underan panliten kang bakal diteliti yaiku bab apa wae wujud ragam basa pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*, apa wae wujud campur kode basa pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*, lan apa wae unsur interferensi ragam basa pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*?

1.3 Ancas Panliten

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, tujuwan utama panliten iki yaiku kanggo ngandharake gegambaran wujud ragam basa pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*

1.4 Paedah Panliten

Panliten iki nduweni paedah kang dijlentrehake dadi rong jinis, yaiku paedah teoritis lan paedah praktis.

Paedah teoritis saka panliten iki yaiku panliten iki diajab muga bisa ngrembakakake ilmu basa Jawa bidhang sosiolinguistik. Saliyane uga bisa migunane ing pangrembakan kajian alih kode lan campur kode.

Paedah praktis yaiku asil panliten iki bisa nambah kawruh gegambaran panganggane wernane basa tumrap pamaca. Saliyane iku uga bisa dadi salah sijine materi kanggo ngenani pasinaon sosiolinguistik kang ngrembug babagan panganggane basa lan ragam basa. Dene kanggo panliten sabanjure bisa dadi sarana panutan.

1.5 Wewatesane Panliten

Panliten iki diwatesi ing telung bab, yaiku (1) topike panliten, (2) dhatane panliten, lan (3) cara njinggleng. Tetelune diandharake ing ngisor iki.

- (1) adhedhasar topike panliten iki mung ngandharake ngenani wujud ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*,
- (2) dhata panliten iki awujud vidheo kang ngandhut ragam basa kang dijupuk saka 12 vidheo sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*, lan
- (3) dhata kang wis nglumpuk diandharake lan dijlentrehake adhedhasar ancangan sosiolinguistik lan pragmatik.

1.6 Panjlentreh Tetembungan

Tetembungan kang dinggo ing panliten iki yaiku ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung*. Andharan kanthi jangkep kaya mangkene.

- (1) Ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun *Londo Kampung* minangka ragam basa kang adhedhasar panganggane iku kanggo sarana komunikasi antarane wong kang nggawe vidheo *youtube* karo para pamirsa.
- (2) Medhia sosial *youtube* minangka salah sawijine medhia sosial *online* kang para panganggane bisa luwih gampang anggone ndheleng vidheo lan nggawe vidheo kang bisa diunggah supaya bisa ngentukake *subscriber* akeh, saengga bisa ngentukake komisi saka pihak *youtube*.
- (3) *Londo Kampung* yaiku salah sawijine akun ing *youtube* kang dikelola dening Dave Andrew Jephcott kang asale saka nagari kanguru, Australia. Akun *youtube Londo Kampung* kasebut nduweni

subscriber kurang luwih 1,7 yuta *subscriber*. Vidheo kawitan sajrone akun *youtube* kasebut nyuguhake *konten* kang ngandhut lagu-lagu basa Jawa lan pengalaman saben dina dadi bule ing Indonesia. Banjur Dave Andrew Jephchott katarik kanggo nggawe vidheo kang luwih *realistis*. Maksute bisa luwih cedhak tumrap bebrayan kanggo antuk reaksi kang luwih nyata. Panutur uga tau ngomong yen tujuwane kanggo mancing ngguyu pamirsa lan motivasi wong-wong supaya bisa terus sinau basa Inggris lan basa Dhaerah, mligine basa Jawa.

- (4) Alih kode yaiku kedadeyan ngganti siji kode basa marang kode basa liyane sajrone pacaturan. Tuladhane panutur nggunakake basa Jawa banjur ganti nggunakake basa Indonesia. Sajrone alih kode saben-saben unsur basa isih nyengkuyung fungsi saben-saben lan saben-saben fungsi kaiket karo konteks.
- (5) Campur kode yaiku sawijine kedadeyan nyampurake utawa nyisipake unsur basa siji marang basa sijine sajrone nggunakake basa kanthi nduweni maksud tartamtu. Campur kode bisa nyampurake unsur tembung, frasa, klausa tumrap kode basa liyane. Sahingga nuwuhake ragam basa sajrone pacaturane.
- (6) Interferensi yaiku panyimpangan-panyimpangan saka norma-norma salah sawijine basa kang dumadi sajrone tuturan para dwibahasawan minangka akibat saka panggunane basa kang luwih saka siji. Interferensi uga bisa diarani pngribawa antar basa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Saemper

Panliten kang nliti ragam basa sajrone akun *youtube* durung akeh ditindakake dening para panliti. Panliten saemper ngenani ragam basa sajrone medhia sosial wis tau ditindakake dening Irma Cahyandari (2018), mahasiswa jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa Unesa kanthi irah-irahan *Variasi Basa sajrone Sosial Medhia Instagram Akun @pujangga_jawa*. Panliten kasebut njlentrehake ngenani jinis variasi basa, unsur interferensi, lan tujuwan panganggone ragam basa sajrone sosial medhia instagram akun @pujangga_jawa.

Panliten saemper uga ditindakake dening Bagus Akbar Gumelar (2017) kanthi irah-irahan *Ragam Basa sajrone Pacaturan Dol Tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo Kutha Surabaya*. Panliten kasebut ngandharake ngenani wujud sosiolek lan ideolek sajrone pacaturan dol tinuku ing Pasar Jongkok Wonokromo kutha Surabaya. Panliten kasebut uga beda karo panliten iki. Panliten iki diandharake ngenani ragam basa, alih kode, campur kode, lan interferensi sajrone medhia sosial youtube akun Londo Kampung kanthi rinci.

Adhedhasar panliten kang wis tau ditindakake, panliten iki narik kawigaten panliti, amerga isih sithik kang nliti ngenani ragam basa utawa variasi basa kang sumbere njupuk saka akun sosial medhia. Mula saka iku, Panliten iki nduweni irah-irahan “Ragam Basa Sajrone Medhia Sosial Youtube Akun Londo Kampung” kanthi tintingan sosiolinguistik.

2.2 Konsep Basa lan Bebrayan

Basa yaiku sawijine piranti kanggo komunikasi lan interaksi antarane wong siji lan sijine. Ing padinan manungsa ora bisa uwal saka nggunakake basa. Mula saka iku, basa nduweni fungsi kang wigati tumrap manungsa. Miturut Pateda (1994:4) ngandharake yen basa iku minangka pirantine komunikasi. Panemu liyane kaya Chaer (2007:11) ngandharake yen basa iku minangka wujud sistem, tegese basa iku kedadeyan saka komponen kang polane kanthi tetep lan bisa dikaidahake. Chaer (2007:14) uga ngandharake yen basa yaiku sistem tandha kang arupa swara, kang asipat arbriter, produktif, dinamis, lan manusiawi.

Babagan perkara antarane masalah basa lan bebrayan. Trudgil kaya kang diandharake dening Supardo (1988: 27) njlentrehake yen ana rong aspek sajrone tata laku basa. Aspek kapisan yaiku gunane basa sajrone nduweni sesambungan sosial, aspek kapindho yaiku basa minangka salah sawijine medhia kanggo nggawa informasi ngenani panutur. Dene salah sawijine panutur asale saka dhaerah tartamtu, bisa kadheleng nduweni basa kang beda nalika nggunakake basane. Babagan iki awujud saka tata laku basa saben dinane.

Ana sesambungan antarane basa karo panutur basa ing bebrayan, kayata sajrone panutur bebrayan Jawa. Kuntjaraningrat (sajrone Chaer lan Agustina 2004:39) mbage bebrayan Jawa dadi papat tingkatan, yaiku: (1) wong cilik, (2) wong saudagar, (3) priyayi, (4) ndara. Adhedhasar tingkatan-tingkatan kasebut, sajrone bebrayan Jawa nduweni ragam basa kang digunakake panutur selaras karo tingkat sosial ing panguripan.

2.3 Konsep Kedwibahasaan

Maneka warnane bebrayan ing Nuswantara mujudake basa kang beda-beda. Panggunane basa kang luwih saka siji bisa nikelake hubungan utawa kapercayan wong siji karo wong sijine. Miturut Nababan. (1983:27) bilingualisme utawa kedwibahasaan yaiku pakulinane nggunakake basa luwih saka siji sajrone interaksi marang wong liya. Dene miturut Tarigan (1998:02) ngandharake yen kedwibahasaan yaiku ngenani panggunane rong basa, kayata ubasa dhaerah lan basa nasional. Fishman (sajrone Chaer lan Agustina 2010:84) uga ngandharake yen kedwibahasaan yaiku ngenani panggunane rong basa utawa rong kode basa.

Saka andharan iku mau bisa dijupuk dudutan yen kedwibahasaan yaiku panggunane basa luwih saka siji kang digunakake karo bebrayan. Kedwibahasaan yaiku sawijine wujud sajrone kedadeyan kontak basa. Nalika ana kedadeyan kedwibahasaan sajrone bebrayan kerep ndadekake kontak basa amerga anane ragam basa kang beda-beda. Kontak basa iki nuwuhake sawijine kedadeyan kebahasaan siji yaiku alih kode lan campur kode.

2.4 Variasi Basa

Miturut sosiolinguistik, basa ora mung dumadi saka gejala individual, nanging saka gejala sosial. Minangka gejala sosial, basa lan panggunane ora mung katamtokake saka faktor-faktor linguistik, nanging faktor nonlinguistik. Faktor-faktor nonlinguistik kang mangribawani panggunane basa kaya mangkene. Faktor sosial yaiku status sosial, tingkat pendhidhikan, umur, tingkatan ekomoni, jinis kelamin. Faktor situasional yaiku sapa kang nutur karo basa apa, marang sapa, kapan, ing ngendi, lan ngenani masalah apa. Miturut Chaer (2004:62) variasi basa yaiku ragame basa kang disebabake interaksi sosial kang dilakokake karo bebrayan utawa kelompok maneka werna amerga panutur kang ora homogen. Dadi variasi basa yaiku jinise ragam basa kang panggunane adhedhasar pungsi lan kahanan, tanpa ninggalake kaidah-kaidah basa.

2.4.1 Ragam Basa

Kridalaksana (1993:184) ngandharake yen ragam basa yaiku variasi basa miturut panggunane kang beda-beda kalawan topik kang dituturake, miturut hubungan panutur, lawan tutur, mitra tutur wong katelu, lan medhia tuturan. Pamanggih liyane uga diandharake dening Nababan (1984:14) njlentrehake yen ragam basa yaiku panggunane basa adhedhasar dhaerah kang beda-beda, kelompok utawa kahanan sosial kang beda, kahanan basa lan tingkat resmine. Dene Suwito (1996:29) ngandharake yen ragam basa yaiku variasi basa kang adhedhasar sudut pandang pacaturane, papan pacaturane, inti pacaturane, lan kahanan pacaturane. Chaer lan Agustina (2004:90) ngandharake yen ragam basa yaiku variasi basa kang kaiket basa iku dhewe digunakake kanggo kaperluan bidhange.

2.4.2 Alih Kode

Alih kode (code swithcing) yaiku panggunane basa kang ngganti siji kode marang kode liyane sajrone pacaturan. Tuladhane panutur nggunakake basa Jawa banjur ganti nggunakake basa Indonesia. Alih kode dadi salah sijine aspek kang kerep digunakake sajrone bebrayan *multilingual* utawa *dwibahasa*. Sajrone alih kode saben-saben unsur basa isih nyengkuyung fungsi saben-saben lan saben-saben fungsi kaiket karo konteks.

Miturut Suwito (1985:68) alih kode yaiku sawijine kedadeyan gantine kode siji marang kode liyane sahingga nalika panutur kang kawitane nggunakake basa Jawa, banjur ganti nggunakake basa Indonesia, kedadeyan kasebut bisa diarani alih kode. Nalika sajrone pacaturan tartamtu mujudake gantine antar basa sajrone sawijine basa dhaerah utawa isih sajenis nduweni sipat *intern*. Kayata panutur kang nggunakake basa Jawa Surobayan banjur ganti nggunakake basa Jawa kulonan.

Dene alih kode kang asipat *ekstern* yaiku nalika panutur nggunakake basa asli utawa basa Jawa banjur ganti nggunakake basa Manca utawa ora sajenis. Kayata nalika panutur nggunakake basa Jawa banjur ganti nggunakake basa Inggris utawa sawalike. Sajrone panguripan bisa wae kedadeyan alih kode *intern* lan *ekster* kanthi bebarengan yen fungsi kontekstual lan kahanan relevansine bisa nyengkuyung.

Miturut Fishman (sajrone Chaer, 2010:108-111) ngandharake yen lumrahe nggunakake alih kode kaya mangkene.

(1) Panutur

Panutur lumrahe nindakake alih kode kanggo ngentukake “untung” utawa “manpaat” saka tumindake kasebut. Alih kode kanggo ngentukake “untung” kasebut dilakoni panutur sajrone kedadeyan kanggo ngarepake pitulungan saka mitra tutur.

(4) Mitra Tutur

Mitra tutur uga bisa ndadekake panyebabe alih kode, amerga kanggo ngimbangi kawasisan panggunane basa saka mitra tutur iku. Lumrahe kawasisan mitra tutur nggunakake basa kurang utawa rada kurang amerga dudu basa kawitane.

(5) Owahe Kahanan amerga anane Wong Katelu

Anane wong katelu kang ora nduweni landhesan basa kang padha karo basane panutur lan mitra tutur uga bisa ndadekake alih kode.

(6) Owahe Kahanan saka Formal marang Informal

Owahe sawijine kahahanan uga bisa ndadekake kedadeyan alih kode. Kayata nalikane pacaturan antarane para karyawan marang manager sajrone kantor nggunakake basa formal, nalika ana ing njaba kantor ganti nggunakake basa informal

(7) Owahe Topik Pacaturan

Owahe topik pacaturan uga bisa ndadekake alih kode. Kayata nalikane ana rong karyawan nuturake ngenani tuturan kang ana kaitane karo topik kantor sahingga nggunakake basa Indonesia. Nanging, bisa owah dadi basa dhaerah yen topike ngenani kulawarga, utawa dolanan.

2.5 Campur Kode

Panutur bilingual utawa multilingual kerep ditemokake gejala kang bisa dianggep sawijine

panyimpangan utawa interferensi basa. Fenomena iki kawujud panggunane unsur-unsur saka sawijine basa tartamtu sajrone siji ukara utawa wacana basa liya kanthi anane unsur kang sengaja. Miturut Harimurti (2001:35) njlentrehake campur kode minangka:

- (1) Interferensi, yaiku panggunane campur kode minangka sawijine panyimpangan kanthi anane unsur kang sengaja sajrone panggunane.
- (2) Panggunane satuan basa saka basa marang basa liyane kanggo njembarake gaya basa utawa ragam basa.

2.5.1 Konsep Campur Kode

Miturut Kridalaksana (sajrone Mustikawati, 2015:15) njlentrehake yen campur kode yaiku panggunane satuan basa saka siji basa marang basa liyane kanggo njembarake gaya basa utawa ragam basa. Mligine panggunane tembung, *klausa*, *idiom*, *sapaan*, lan sapiturute. Wujude campur kode arupa tembung dhasar, frasa, lan klausa. Wujud campur kode diandharake dening Suwito (1985:78) dibedakake dadi nem bageyan, yaiku: sisipan unsur tembung, frasa, klausa, tembung rangkep, baster, lan ungkapan. Dene panjlentrehane kaya mangkene.

2.5.2 Bentuk Campur Kode

(1) Unsur Tembung

Tembung yaiku satuan kang paling cilik kang nduweni makna lan bisa ngadek dhewe. Diarani cilik lan nduweni makna amarga isih ana unsur basa liyane kang luwih cilik yaiku huruf, nanging ora nduweni makna. Semana uga diarani ngadek dhewe amarga nalika ngadek dhewe utawa bebas wis bisa nduweni makna dhewe.

(2) Unsur Frasa

Frasa yaiku satuan gramatik kang kasusun saka rong tembung utawa luwih (Ramlan 1987:152). Frasa uga diarani gabungan antarane rong tembung utawa luwih kang asipat nonpredikatif.

Tuladhane: omahe Bapak, omahe amba, tasku cilik, lsp.

2.5.3 Latar Campur Kode

(1) Wujud

Miturut Nababan (1984:32) campur kode dumadi tanpa anane samubarang sajrone situasi basa. Maksude, beda karo alih kode kang ditamtokake karo faktor situasi, campur kode ora disebabake faktor situasi. Sajrone kahana kaya mangkono Nababan mbage campur kode dadi telung bageyan yaiku, kesantiaane panutur, pakulinane panutur, lan ora anane ungkapan kang pas utaw trep sajeroné basa kang digunakake. Saka adhedhasar wujud, campur kode bisa arupa tembung, frasa, baster, lan klausa. Campur kode uga bisa arupa tembung monomorfemik (bentuk dhasar) lan polimorfemik (bentuk kompleks), bentuk ulang, lan ungkapan.

(2) Jinis

Adhedhasar unsur-unsur basa kang digunakake, Suwito (1996:92) mbedakake campur kode dadi pirang-pirang macem, yaiku:

(a) Panyisipan unsur-unsur awujud tembung

Tembung yaiku sawijine unsur basa kang paling cilik lan wigati sajeroné mbentuk ukara sajeroné tata basa. Tembung yaiku satuan basa ngadek dhewe, kasusun saka morfem tunggal utawa gabungan morfem.

(b) Panyisipan unsur-unsur awujud frasa

Frasa yaiku gabungan saka rong tembung utawa luwih asipat ora predikatif, gabungan iku bisa rapet utawa longgar.

(c) Panyisipan unsur-unsur awujud baster

Baster yaiku asil gabungan rong unsur basa kang beda nanging mujudake siji makna.

(d) Panyisipan unsur-unsur awujud tembung rangkep

Tembung rangkep yaiku tembung kang dumadi minangka akibat saka reduplikasi.

(e) Panyisipan unsur-unsur awujud ungkapan utawa idiom

Idiom yaiku konstruksi saka unsur-unsur kang padha bisa milih, saben-saben anggotane nduweni makna kang anane amarga bebarengan liyane, utawa bisa diarani konstruksi kang maknane ora padha kanthi gabungan makna anggota-anggotane.

(f) Panyisipan unsur-unsur awujud klausa

Klausa minangka satuan gramatikal arupa kelompok tembung saora-orane kasusun saka jejor lan watesa sarta sawayah-wayah bisa dadi ukara.

(3) Sabab Dumadine

Miturut andharane Suwito (1987:77) faktor sebabe kedadeyan campur kode dibedakake dadi telu, yaiku (1) identifikasi peran (nduweni maksud kanggo njlentrehake sawijine samubarang utawa maksud tartamtu, (2) identifikasi ragam (panutur nggunakake campur kode kang bisa nuduhake status sosial), (3) kepengin kanggo njlentrehake utawa napsirake (pengin bisa luwih akrab antarane panutur lan mitra tutur utawa menehi tanda sikap hubungan tumrap wong liya lan hubungane wong liya marang awake dhewe). Dene miturut pamanggihe Basir (2002:65) faktor panggunane campur kode yaiku:

- (1) Winatese tembung utawa kosakata. Perkara iki kerep digunakake panutur kang nggunakake campur kode amarga kurang wasise panutur sajrone nggambarake maksud tartamtu amarga ing njabane bidhang ahline.
- (2) Pangribawane wong kaloro. Nalika pacaturan panutur lan mitra tutur lumrahe bisa ndheleng kahanane. Nalikane panutur lan mitra tutur bisa luwih nguwasani basane mitra tutur, lumrahe panutur

lan mitra tutur bakal nggunakake basane mitra tutur mau, semana uga sawalike.

- (3) Kurang bisa nguwasani kode kang digunakake. Perkara iki lumrahe ora diweruhi kanthi sadar karo panutur. Panutur kang isih kaet sinau kerep kangelan sahingga bisa mujudake campur kode amerga panutur kurang nguwasani kosa kata utawa tembung sajrone basa kasebut.
- (4) Pangribawane unsur prestis, nalika sawijine panutur bisa nuturake lan nguwasani kanthi apik basa kaloro, mula panutur bisa bunga marang awake dhewe amerga luwih apik nuturake basane mitra tutur.

2.6 Interferensi

Interferensi miturut (Weinreich sajrone Aslinda, 2014:66) yaiku panyimpangan-panyimpangan saka norma-norma salah sawijine basa kang dumadi sajrone tuturan para dwibahasawan minangka akibat saka pengenalan luwih saka siji basa, yaiku minangka asil saka kontak basa. Saliyane iku uga diandharake dening (Alwasilah sajrone Aslinda, 2014:66) ngandharake yen sejatine interferensi yaiku anane pangribawa antar basa. Pangribawa kasebut ana ing wujud kang paling sederhana arupa salah sawijine unsur basa kang digunakake kanggo hubungan ing basa liyane. Rumusan kasebut uga dibenerake dening (Ladolan Sunyono sajrone Aslinda, 2014:66) pengaruh antar basa iku bisa arupa pangribawa pakulinan saka basa kawiwan (basa Ibu) kang wis dikuwasai dening panutur sajrone basa kaloro.

Miturut Aslinda (2014:66) *definisi* interferensi sakupenge panggonane unsur kang kagolong sajrone basa wektu kanggo wicara ing basa liyane lan bisa ngetrepake rong sistem basa kanthi bebarengan marang salah sawijine unsur basa, bisa nuwuhake akibat kang arupa panyimpangan saka norma saben-saben basa kang dumadi sajrone tuturan dwibahasawan.

2.6.1 Jinis Interferensi

Jinis interferensi diperang dadi papat miturut Weinreich (1953:39) kang diandharake kaya ing ngisor iki:

- (1) Pamindhahan unsur saka salah sawijine basa marang basa liyane
- (2) Ngowahi fungsi lan kategori unsur amerga anane proses pamindhahan
- (3) Pangecakane unsur-unsur kang ora lumaku ing basa kaloro sajrone basa kawitan
- (4) Ora nggatekake struktur basa kaloro amerga ora ana pepadhan sajrone basa kawitan

Panemu liyane (Suwito sajrone Aslinda, 2014:67) njlentrehake yen interferensi iku bisa dumadi sajrone kabeh komponen kebahasaan, yaiku bidhang tata swara, tata tembung, tata ukara, lan tata makna. Saliyane iku

penemune (Weinreich sajrone Aslinda, 2014:67) uga ngandharake wujud-wujud interferensi dadi telung bageyan, yaiku interferensi fonologi, interferensi leksikal, lan interferensi gramatikal.

2.6.2 Alasan Interferensi

Interferensi nggunakake unsur-unsur basa liyane sajrone nggunakake sawijine basa, kang dianggep minangka sawijine kaluputan amerga nyimpang saka kaidah utawa paugeran basa kang digunakake (Chaer lan Agustina, 2004:120). Nanging, Hartman lan Stork sajrone Chaer lan Agustina (2004:121) ngandharake yen interferensi iku sawijine kaluputan kang kawujud saka kabiasaan-kabiasaan ujaran basa Ibu utawa dialek sajrone basa. Kridalaksana (1993:84) njlentrehake interferensi minangka panggunane unsur basa liya saka bahasawan kang bilingual kanthi individu sajrone sawijine basa.

Panggunane interferensi ing basa saben dinan wis lumrah dumadi ing kabeh golongan bebrayan, kayata wong kang ora nduweni pendhidhikan utawa wong kang nduweni pendhidhikan, wong desa lan wong kutha, lan sapiturute. Miturut Aslinda (2014:83) Interferensi iki dumadi sajrone prastawa tutur kang ora bisa diilangi. Nanging, cacahé bisa dikontrol. Saya dhuwur tingkat pendhidhikane pawongan, saya merbawani tumrap basane. Semana uga tingkat pendhidhikan kang luwih cendhak bisa ngasilake pangribawa kang beda.

METODHE PANLITEN

3.1 Titikane Panliten

Titikan panliten ing andharan iki diperang dadi loro, yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten. Andharan luwih jangeke mangkene.

3.1.1 Jinise Panliten

Panliten iki kalebu linguistik dheskriptif kualitatif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungan ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi. Lumrahe yaiku awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47).

3.1.2 Sipate Panliten

Panliten iki kalebu jinis panliten sinkronis, amarga basa kang diteliti ing panliten iki yaiku basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Bab kasebut uga salaras karo andharane Mahsun (2006:117) yen panliten sinkronis yaiku panliten basa kanthi nлити fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu. Adhedhasar panemune para ahli kasebut bisa didudut yen panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten kang ditindakake kanthi ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara kang ditindakake, yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asil

panliten. Panliten iki bakal njlentrehake ngenani ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun *londo kampung*. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa Surabaya ing vidheo *youtube*.

3.2 Ubarampene Panliten

Ubarampene panliten ing subbab iki diperang dadi telu, yaiku (1) dhata panliten, (2) sumber dhata panliten, lan (3) instrumen panliten. Andharan kang luwih jangkep kaya mangkene.

3.2.1 Dhata Panliten

Dhata panliten iki yaiku dhata primer. Dhata kasebut yaiku dhata pacaturan kang dicathet utawa ditulis ngenani ragam basa awujud vidheo sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung. Dhata ing panliten iki nggunakake dhata kang ora katulis jalaran dhata panliten iki sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung arupa vidheo-vidheo kang ngandhut ragam basa ing tembung, frasa, lan klausa. Dhata ora katulis kudu ditulis dhisik amarga dhata tulis luwih dipercaya jalaran bisa nggambarake struktur dhata kang ora katulis. mula ing panliten iki mbutuhake transkrip vidheo kanggo nulis dhata.

3.2.2 Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata ing panliten iki awujud ukara tembung, *klausa*, lan ukara. Sumber-sumber dhata kang wis katulis kajupuk saka medhia sosial *youtube* akun *londo kampung*. Akun *londo kampung* iki kerep ngirim postingan vidheo lucu, ndhagel, utawa *prank* kanggo *social experiment* dening Dave Andrew Jephcott kang minangka *youtuber* kanthi akun *londo kampung* kasebut.

3.2.3 Instrumen Panliten

Instrumen panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) instrumen kanggo nglumpukake dhata, (2) instrumen kanggo njlentrehake dhata, lan (3) instrumen kanggo nyuguhake dhata. Andharan kanthi jangkepe kaya mangkene.

- (1) Instrumen kanggo nglumpukake dhata ing panliten yaiku vidheo, amarga vidheo minangka dununge dhata ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun *londokampung*. Saliyane iku, instrumen kang dibutuhake yaiku kertu dhata lan piranti tulis. Piranti tulis ing panliten iki kanggo nglumpukake dhata kang ana ing majalah. Dhata kang diklumpukake banjur ditulis ing kertu dhata. Kertu dhata kanggo nggampangake anggane nglumpukake dhata lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori.
- (2) Instrumen kanggo njlentrehake dhata ing panliten iki yaiku dhaftar lan simbol. Instrumen tandha kang

digunakake yaiku tandha (*) kanggo nitiki ukara kang ora gramatikal.

- (3) Instrumen kanggo nyuguhake dhata ing panliten iki yaiku kanthi formal lan informal. Instrumen kang formal yaiku disuguhake kanthi dhaftar. Dene kanthi informal yaiku nyuguhake dhata kanthi analisis ukara-ukara kanggo njlentrehake bab kang diteliti supaya luwih gampang dingerteni.

3.3 Tatacarane Panliten

Tatacarane panliten kang digunakake sajrone panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) carane nglumpukake dhata, (2) carane njlentrehake dhata, lan (3) carane nyuguhake asil jlentrehan dhata. Saben tatacara kasebut diandharake kanthi jangkep kaya mangkene.

3.3.1 Tatacarane Nglumpukake Dhata

Tatacara kang digunakake ing panliten iki kanggo nglumpukake dhata yaiku nggunakake teknik nyimak lan cathet. Kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki diwiwiti kanthi cara nyathet tembung, klausa, lan ukara kang ngandhut aspek ragam basa sajrone vidheo medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung. Dhata sajrone panliten iki dijupuk saka vidheo *londo kampung* kang nggunakake basa Jawa Surabaya.

Teknik cathet miturut Mahsun (2006:93) yaiku nyathet dhata-dhata kang wigati. Teknik cathet digunakake minangka wujud tumindak nyathet dhata ing kertu dhata kang wis kacawisake lan dibacutake ngandharake dhata kasebut. Teknik cathet sajrone panliten iki digunakake kanggo nyathet tembung, *klausa*, lan ukara kang ngandhut aspek ragam basa awujud vidheo sajrone medhia sosial *youtube* akun *londo kampung*. Banjur teknik cathet ditulis ing kertu dhata. Andharan ing ngisor ngenani tatacarane nglumpukake dhata sajrone panliten iki.

- (1) Nglumpukake lan nyemak vidheo medhia sosial *youtube* akun *londo kampung*.
- (2) Dhata kang kalebu vidheo medhia sosial *youtube* akun *londo kampung* dicathet lan diklumpukake.
- (3) Dhata tulis awujud vidheo medhia sosial *youtube* akun *londo kampung* kang wis dicathet mau banjur diklumpokake sajrone kertu dhata adhedhasar ragam basa lan interferensi.

3.3.2 Tatacarane Njlentrehake Dhata

Kanggo mangsuli masalah-masalah kang ana ing panliten iki bakal diandharake lan dijlentrehake dhata ing bageyan analisis. Ing proses analisis dhata, nggunakake prosedur utawa teknik. Teknik analisis kasebut diperang dadi patang tahapan, yaiku:

- (1) Nglumpukake dhata kang ana, panliti ing tahap iki kudu nglumpukake dhata saka vidheo kang dikirim ing medhia sosial *youtube* akun londo kampung.
- (2) Nyeleksi sekabehe dhata, ing kene panliti nyeleksi sekabehe dhata ngenani ragam basa.
- (3) Klasifikasi dhata, kanggo negesake dhata, panliti kudu nggawe klasifikasi dhata. Dhata kang wis nglumpuk diklasifikasikake kanthi dhasar masalah-masalah panliten, yaiku ragam basa lan interferensi.
- (4) Analisis dhata, sawise diklasifikasikake lan dipisah-pisah kanthi masalah kang trep, tahap sabanjure yaiku analisis dhata. Analisis dhata nduweni paedah kanggo mangsuli masalah ing panliten iki.

3.3.3 Tatacarane Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Tatacarane nyuguhake dhata sajrone panliten kaperang dadi loro, yaiku kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:145). Tatacara nyuguhake dhata kanthi cara formal yaiku nyuguhake dhata kanthi cara nggunakake angka-angka lan lambang-lambang. Dene tata cara nyuguhake dhata kanthi cara informal yaiku menehake analisis dhata kanthi nggunakake tembung-tembung kang lumrah. Tatacara nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku nggunakake tatacara nyuguhake dhata kanthi cara formal informal, amarga ing panliten iki anggone nyuguhake dhata nggunakake angka-angka lan lambang-lambang. Saliyane iku uga nggunakake tembung-tembung kang lumrah supaya bisa dingerteni lan dipahami dening pamaca.

3.3.3.1 Tahap Persiapan

Minangka kagiyatan wiwitan sajrone prapanliten, persiapan kang kudu dilakoni, yaiku:

- (1) Nggoletake lan nemtokake objek lan underane panliten.

Objek kang diteliti yaiku ragam basa lan wujud interferensi sajrone vidheo ing medhia sosial *youtube* akun londo kampung.

- (2) Nglumpukake dhata.

Sawise undere panliten ditemokake panliti, banjur nglumpukake dhata-dhata kang ana sesambungan karo undere panliten.

- (3) Namtokake irah-irahan panliten.

Saka undere panliten tuwuh irah-irahan “Ragam Basa sajrone Medhia sosial *youtube* Akun Londo Kampung”

- (4) Nglumpukake literatur kapustkan.

Sawise bab sadurunge wis kalakoni, panliti bakal nggolet literatur kang salaras karo wujud ragam basa uga wujud interferensi kanggo nganalisis dhata.

- (5) Nyusun proposal.

Panliti nyusun ancangan proposal lan nyusun proposal panliten kanggo ngajokake panliten.

3.3.3.2 Tahap Nindakake Panliten

Dhata kang wis nglumpuk banjur diolah ing tahap nindakake. Andharan jangkepe kaya mangkene.

- (1) Idhentifikasi.

Dhata kang kajupuk saka dhata bakal diidhentifikasi.

- (2) Analisis dhata.

Dhata kang wis diidhentifikasi banjur dianalisis kanthi diperang-perang miturut ragam basa lan uga wujud interferensi.

- (3) Klasifikasi dhata.

Klasifikasi dhata kanthi cara nliti lan merang miturut perangan panganggone basa kang wis ana ing kiriman vidheo medhia sosial *youtube* akun londo kampung.

- (4) Ngajekake asile panliten

Tahap iki minangka runtutane kang arupa panulisan analisis panliten, nglapurake asile analisis panliten, ngowahi kanthi *ngrevisi* asile panliten, ujian skripsi, lan njilid skripsi.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Andharan asile panliten iki diandhrake dadi loro, yaiku (1) ragam basa pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung, (2) campur kode pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung, (3) unsur interferensi pacaturan sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung Jlentrehan adhedhasar dhata lan teori panyengkuyung kaya mangkene.

4.1 Ragam Basa

Ragam basa minangka salah sawijine wujud saka bageyan utawa varian sajrone basa kang nduweni pola kang lumrahe ana ing basa induke. Sajrone macem-macem kahanan, basa bisa digunakake kanggo ngandharake tujuwan lan maksud pamicara marang mitra wicara, utawa panulis marang pamaca. Saben kahanane komunikasi kang diadhepi, dipilih salah siji ragam basa. Tetembungan kang digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka werna-wernane panganggone basa iku diarani ragam.

Ragam basa sajrone panliten kaperang dadi loro. Arupa alih kode lan campur kode. Saben perangan nuduhake gegambaran saka sakabehane dhata ing sosial medhia *youtube* akun Londo Kampung. Dhata dikelompokake, banjur dijingglengi.

4.1.1 Ngoko – Dialek

- (1) Dave: “Deloken, Rek. Wonge kaya ngene. Iki lahir, eh gak lahir nang, gedhe nang Surabaya. Jadine kaya ngene wis. Enake

urip nang Australi iku apa? Lapo awakmu milih nang kene timbang nang Indonesia?”

Nathan: “Aku durung milih.”

Dave: “He? Oke, kan amu wis, ket tahun rongewu loro. Kan uripmu nang Melbourne kene, kuliyah, terus maringono kerja, terus saiki entuk bojo kene pisan. Lapo gak mbalik nang Surabaya? Gak kangen karo panganan khas kana ta?”

Nathan: “Restorant indo nang kene akeh kok.”

Dave: “Lek basa Jawane kan gak ana wong kene sing isa basa Jawanan.”

Nathan: “Kancaku Prancis isa basa Jawa.”

Dave: “Kanca endi iku? Berarti teka Surabaya pisan dheke?”

Nathan: “Teku Jember.”

Dhata (1) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave lan Nathan kang dadi kakang kandhunge. Dave lan Nathan lagi mlaku bareng ana ing dalan nagari Australia. Sajrone konteks kasebut Dave minangka adhik lagi pacaturan karo Nathan kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan dialek. Kabuktekake ing panganggone basa Jawa dialek sajrone ukara basa Jawa, yaiku “He? Oke, kan amu wis, ket tahun rongewu loro. Kan uripmu nang Melbourne kene, kuliyah, terus maringono kerja, terus saiki entuk bojo kene pisan. Lapo gak mbalik nang Surabaya? Gak kangen karo panganan khas kana ta?” Sajrone ukara kasebut kawitanane nggunakake basa Jawa lumrahe, banjur ing tengahe diwenahi campur kode basa Jawa dialek “amu” kang tegese “awakmu, sampeyan”. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan kasebut, amarga wis dadi pakulinane saben dinan. Panutur nggunakake dialek sajrone tuturan uga nggambarake ciri khas saka dialek Surabayan (Suroboyoan) sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Klausu ing ndhuwur bisa diarani campur kode amarga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Jawa dialek, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Jawa dialek.

(2) Dave: “Ayo adu kuat mendelep, sapa sing ngitungi?”

Fifi: “Ah, aku ae.”

Dave: “Ya.”

Farid lan Dedoy: “Ayo, Go. Itungana, Go.”

Fifi: “Aku ae ambek Ci Santi.”

Santi: “Haha, enak koen. Awakmu ya melok. Hahaha.”

Dave: “Gak, gak. Gak usah. Sing lanang-lanang ae gak pa-pa, ayo.”

Farid: “Ayo rada rana Doy. Ayo, Go. Itung, Go.”

Santi: “Satu, dua, tiga...”

Dave: “Gak giyok, Rek.”

Santi: “Hahaha.”

Dave: “Gak cukup.. ahhh.”

Fifi: “Wih kuate.”

Farid: “Lungguh ae angel.”

Dave: “Sik, sik. Posisiku salah sikan. Adhuh, Rek.”

Dhata (2) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave lan mitra tutur Santi, Fifi, Farid. Dave lan Santi, Fifi, Farid lagi dolanan banyu ana ing omahe Dave lan Santi. Dolanan banyu arupa njegur marang kolam cilik bebarengan. Sajrone dolanan kasebut panutur lan mitra tutur pacaturan kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan dialek. Kabuktekake ing panganggone basa Jawa dialek sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Gak giyok, Rek.” Sajrone tuturan kasebut konteks tuturan sadurunge nggunakake basa Jawa lumrahe, banjur ing tengahe diwenahi campur kode basa Jawa dialek “giyok” kang tegese “ora nyampek samubarang”. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan kasebut, amarga wis dadi pakulinane saben dinan. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Panutur nggunakake dialek sajrone tuturan uga nggambarake ciri khas saka dialek Surabayan (Suroboyoan) sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amarga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Jawa dialek, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Jawa dialek.

(3) Dave: “Hlo Bapake dhewe gak digatekna, Rek. Yakapa sih Jago iki. Ayo, Go. Numpak selurutan ya. Wiii.” Karo nggoceli anake sing dolanan selurutan. “Ayo numpak maneh, Go. Mlaku dhewekan ya. Mlampah-mlampah piyambakipun, piyambak.”

Santi: “Ayo, Go.”

Dhata (3) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave lan mitra tutur Santi. Dave lan Santi lagi dolanan selurutan ing njerone salah sijine wahana ing kutha Surabaya. Dave minangka panutur lagi ngemong anake direwangi karo Santi yaiku bojone dhewe. Sajrone dolanan kasebut panutur lan mitra tutur pacaturan kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan dialek. Kabuktekake ing panganggone basa Jawa dialek sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Hlo Bapake dhewe gak digatekna, Rek. Yakapa sih Jago iki. Ayo, Go. Numpak selurutan ya. Wiii.” Sajrone tuturan kasebut konteks tuturan sadurunge nggunakake

basa Jawa lumrahen, banjur ing tengahé diwenéhi campur kode basa Jawa dialek “Selurutan” kang tegesé “dolanan prusutan, numpak saka ndhuwur banjur mudhun liwat dalan prusutan nganti menisor”. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan kasebut, amarga wis dadi pakulinane saben dinan. Saengga panutur nggunakake campur kode sajeroné pacaturane. Panutur nggunakake dialek sajeroné tuturan uga nggambarake ciri khas saka dialek Surabayan (Suroboyoan) sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amarga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Jawa dialek, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Jawa dialek.

4.1.2 Ngoko – Krama

- (4) Dave: “Sik, sik. Awakmu ero ta gak banyu putih? Sik sik. Aku kape ngetes Ibumu sik ya. Sabar, Go ya. Ngetes Ibumu sik, biasane ngetes awakmu. Loh dikonkon minggir. Sabar ta, wahanae enkok sik ana. Ki apa Hone? Banyu putih basa aluse?”
Santi: “Apa ya?”
Dave: “Wak, aku takok awakmu kok gak oleh ngerepek.”
Santi: “Toya pethak. Aku ya ero lah.”
Dave: “Biasane gak isa apa-apa iki.”
Santi: “Hahaha.”
Dave: “Enggak iki mari diajari tim iki, mangkane kok isa.”
Santi: “Hahaha.”
Dave: “Toya pethak. Artine banyu bening. Ayo, Go. Ngunjuk rumiyen. Ngunjuk sapa sik. Awakmu, kula, panjenengan, apa Ibu?”

Dhata (4) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave kang lagi pacaturan karo mitra tutur Santi lagi ngemong anake, lan ngrembag ngenani basa krama. Panutur lan mitra tutur ana ing papan pariwisata Atlantis Land Official. Sajrone konteks kasebut panutur nuturake tuturan kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan krama saka pacaturane panutur. Kabuktekake ing panganggone basa Jawa krama sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Toya pethak. Artine banyu bening. Ayo, Go. Ngunjuk rumiyen. Ngunjuk sapa sik. Awakmu, kula, panjenengan, apa Ibu?” Sajrone tuturan kasebut panutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenéhi campur kode basa Jawa krama “ngunjuk”. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan kasebut, amarga wis dadi pakulinane saben dinan. Saengga panutur nggunakake campur kode sajeroné pacaturane. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan sahingga bisa narik

kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amarga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Jawa krama, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Jawa krama.

- (5) Dave: “Ayo, Go. Nduding sapa sik, sing ngunjuk? Hayo, nduding sapa? Go awakmu mari mangan apa, mari dhahar napa, Go? Na iki kok ana kumise? Ayo sun Bapak, hlo sapa sing sun. Kok pipi-pipi. Takkeki contoh ya, ayo. Hlo pipimu sing taksun. Mmuach.”

Dhata (5) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave kang lagi ngemong anake lan ngrembag ngenani basa krama. Panutur ana ing papan pariwisata Atlantis Land Official. Sajrone konteks kasebut panutur nuturake tuturan kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan krama saka pacaturane panutur. Kabuktekake ing panganggone basa Jawa krama sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Go awakmu mari mangan apa, mari dhahar napa, Go?” Sajrone tuturan kasebut panutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenéhi campur kode basa Jawa krama “dhahar”. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan kasebut, amarga wis dadi pakulinane saben dinan. Saengga panutur nggunakake campur kode sajeroné pacaturane. Panutur nggunakake campur kode sajeroné tuturan sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amarga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Jawa ngoko, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Jawa krama

4.1.3 Ngoko – Indonesia

- (6) Dave: “Sekedhap mawon. Go, sing nggantheng sapa, Go. Hlo pancet, pancet sing nggantheng dedoy. Terus sing lebih penting, sapa sing elek? Jago nduding Farid.
Farid: “Gak, durung. Iku maeng kan sing nggantheng kan kana, terus sampeyan takoki nduding aku.”
Dave: “Wis ero, wis ero.”

Dhata (6) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave kang lagi ngemong anake. Panutur lan mitra tutur ana ing papan pariwisata Atlantis Land Official. Sajrone konteks kasebut panutur nuturake tuturan kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan basa Indonesia saka pacaturane panutur. Kabuktekake ing panganggone basa Indonesia sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Sekedhap mawon. Go,

sing nggantheng sapa, Go. Hlo pancet, pancet sing nggantheng dedoy. Terus sing lebih penting, sapa sing elek?” Sajrone tuturan kasebut panutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenahi campur kode basa Indonesia “terus sing lebih penting”. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane kasebut, amerga wis dadi pakulinane saben dinan. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Indonesia, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Indonesia.

- (7) Dave: “Nang pantai Parangtritis, pokohe dhaerah kene sampek Gunung Kidhul, jarene gak oleh ngelangi, dilarang berenang.”

Dhata (7) ing ndhuwur nyritakake panutur Dave kang lagi nuturake kahanan sawijine papan panggonan. Panutur ing papan pariwisata Pantai Parangtritis. Sajrone konteks kasebut panutur nuturake tuturan kanggo nggambarake kahanan ing pantai Parangtritis. Tuturan panutur ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan basa Indonesia saka pacaturane panutur. Kabuktekake ing panganggone basa Jawa Indonesia sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Nang pantai Parangtritis, pokohe dhaerah kene sampek Gunung Kidhul, jarene gak oleh ngelangi, dilarang berenang” Sajrone tuturan kasebut panutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenahi campur kode basa Indonesia “dilarang berenang”. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane kasebut, amerga wis dadi pakulinane saben dinan. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Indonesia, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Indonesia.

4.1.4 Ngoko – Inggris

- (8) Cak Dave: “Timo Sche... wangele, Rek jenenge. Jenengku ae wis angel, apa maneh jenenge wong iki. Timo se-cheu-neman. Aku pengin ngerti enkok ana nang kotak deskripsi isa ndelok dhewe ya. Link nang vidheo asline. Are you ready lest go! Klik. (vidheo diputer)

Dhata (8) ing ndhuwur nyritakake Dave kang lagi nggawe vidheo mbahas ngenani Bule saka Jerman kang wis pinter banget nggunakake basa Jawa. Panutur Dave lagi pacaturan dhewe kanggo mbukak pacaturan ing kawitan vidheo. Sajrone pacaturan ing ndhuwur tuturane Dave minangka mitra tutur ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan basa Inggris. Kabuktekake ing panganggone basa Inggris sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Timo Sche... wangele, Rek jenenge. Jenengku ae wis angel, apa maneh jenenge wong iki. Timo se-cheu-neman. Aku pengin ngerti enkok ana nang kotak deskripsi isa ndelok dhewe ya. Link nang vidheo asline. Are you ready lest go! Klik.” Sajrone tuturan kasebut konteks tuturane panutur wiwit kawitan nggunakake basa Jawa ngoko banjur dibacutake nggunakake campur kode basa Inggris. Panutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenahi campur kode basa Inggris “Are you ready lest go! Klik”. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane kasebut, amerga pakulinane nyampurake unsur kode basa lan winatese kosakata basa Jawa kang dikuwasani. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan klauasa saka basa Inggris, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Inggris.

- (9) Dave: “Takitung sik ya Rek ya. Iki maeng iwak Cakalane, iwak bumbu kuning iki, karo udange seperapat kilo. Mom, how much price the fish? Iki iwak Cakalan oleh telu, terus yang ikan ini satu aja ya?” Ibu Dave: “Iya.”

Dhata (9) ing ndhuwur nyritakake Dave kang lagi nggawe vidheo mbahas ngenani wektu dolanan ing Parangtritis, mligine nyritakake nalika Dave lagi mangan olahan iwak ing Pasar Ikan Depok Parangtritis karo kulwargane. Pacaturan ing ndhuwur Panutur Dave lagi pacaturan nakoni marang Ibu kang masakake iwak. Sajrone pacaturan ing ndhuwur Ibu kang masak minangka mitra tutur kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan basa Inggris amerga kapribawan tuturane panutur. Kabuktekake ing panganggone basa Inggris sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Takitung sik ya Rek ya. Iki maeng iwak Cakalane, iwak bumbu kuning iki, karo udange seperapat kilo. Mom, how much price the fish? Iki iwak Cakalan oleh telu, terus yang ikan ini satu aja ya?” Sajrone tuturan kasebut konteks tuturane panutur wiwit kawitan nggunakake basa Jawa ngoko banjur dibacutake nggunakake campur kode basa Inggris. Mitra tutur

nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenahi campur kode basa Inggris “how much price the fish”. Mitra tutur nggunakake campur kode sajrone tuturane kasebut, amerga kapribawan tuturane Panutur. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Mitra tutur nggunakake campur kode sajrone tuturane sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan frasa saka basa Inggris, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi frasa basa Inggris.

4.1.5 Ngoko – Arab

- (10) Dave: “Dhulur! Yakapa kabare, Rek. Wis suwe gak nggae vidheo reaction. Tapi saiki lagi viral nang endi-endi, ana keluarga Jerman sing fasih basa Jawane. Nek gak salah ana wong papat nang keluargane, kabeh papat-papate iku isa basa Jawa. Hla kene kan pandhemen basa Jawa, Rek. Kudhu ngerti, kudhu nontok vidheone. Lah dheke wis mlebu tipi, nang sosmed wis diupload balik-balik. Aku dimentation, diDM, dikomeni tuwerus tentang keluarga iki. Aku akhire nemu bala, Rek. Bule-bule sing cetha basa Jawa, gak mek Cacakku Nathan, tapi saiki ditambahi papat arek maneng teka Jerman iki. Hla awakmu nek ngekeki vidheo iki sewidhak ewu *likes* enkok takcobak *collabs* karo Coach Timo. Lak awakmu gak ngerti sewidhak iku pira. Kaya kameramenku Evan, takewangi sithik. Sakjam iku pirang puluh menit, jawabane ya sewidhak, Rek. Masak gak ngerti saiki ya? Wis mbalika sekolah nek gak ngerti.”

Dhata (10) ing ndhuwur nyritakake Dave kang akeh sing pengin nggawe vidheo bareng Coach Timo. Panutur Dave nuturake yen arep gabung nggawe vidheo amerga, akehe wong sing seneng Dave njaluk Dave gabung karo Timo kang padha bulene. Sajrone tuturan kasebut Cong minangka panutur kang ngandhut campur kode basa Jawa ngoko lan basa Arab. Kabuktekake ing panganggone basa Arab sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Dhulur! Yakapa kabare, Rek. Wis suwe gak nggae vidheo reaction. Tapi saiki lagi viral nang endi-endi, ana keluarga Jerman sing fasih basa Jawane. Nek gak salah ana wong papat nang keluargane, kabeh papat-papate iku isa basa Jawa. Hla kene kan pandhemen basa Jawa, Rek. Kudhu ngerti, kudhu nontok vidheone. Lah dheke wis mlebu tipi, nang sosmed wis diupload balik-balik. Aku dimentation, diDM, dikomeni tuwerus tentang keluarga iki. Aku akhire nemu bala, Rek. Bule-bule sing cetha basa Jawa, gak mek Cacakku Nathan, tapi saiki ditambahi

papat arek maneng teka Jerman iki. Hla awakmu nek ngekeki vidheo iki sewidhak ewu *likes* enkok takcobak *collabs* karo Coach Timo. Lak awakmu gak ngerti sewidhak iku pira. Kaya kameramenku Evan, takewangi sithik. Sakjam iku pirang puluh menit, jawabane ya sewidhak, Rek. Masak gak ngerti saiki ya? Wis mbalika sekolah nek gak ngerti.” Sajrone tuturan kasebut konteks tuturane panutur wiwit kawitan nggunakake basa Jawa ngoko banjur dibacutake nggunakake campur kode basa Arab. Panutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenahi campur kode basa Arab “fasih”. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane kasebut, amerga pakulinane nyampurake kode basa, lan winatese tembung-tembung basa Jawa kang dikuwasani. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Panutur nggunakake campur kode sajrone tuturane sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Arab, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Arab.

4.2 Campur Kode

Campur kode yaiku sawijine kedadayan nyampurake utawa nyisipake unsur basa siji marang basa sijine sajrone nggunakake basa kanthi nduweni maksud tartamtu. Campur kode bisa nyampurake unsur tembung, unsur frasa, unsur klausa, unsur tembung rangkep, unsur tembung baster, lan unsur ungkapan utawa idiom sajrone kode basa liyane. Sahingga nuwuhake ragam basa sajrone pacaturane.

4.2.1 Campur Kode Sisipan Unsur Tembung

- (11) Santi: “Hihihi. Look at Dady, Jago.”
Banjur Dedoy lan Farid ora kuat seluruh.
Dedoy: “Ah. Gak kuat aku, hahaha.”
Akhire Cak Dave menang.
Santi: “Weechehe.”
Fifi: “Ambegane cek suwene temenan.”
Farid: “Nggak iku maeng aku alesan asline. Jarene cepet mati nek ngempet ambegan suwe-suwe. Wedi aku nek suwe-suwe.”
Dave: “Apa?”
Santi: “Memperpendek umur. Hehehe”
Farid: “Iya. Nek ambegane ditahan iku memperpendek umur.”

Dhata (11) ing ndhuwur nyritakake Dave kang lagi nggawe vidheo nggoroi kanca-kancane kang melu nggawe vidheo. Panutur Dave, mitra tutur Santi, Fifi, Dedoy lan Farid lagi pacaturan sinambi dolanan banyu ana ing omahe Dave. Sajrone pacaturan ing ndhuwur tuturane Farid minangka mitra tutur ngandhut campur

kode basa Jawa ngoko lan basa Indonesia amerga kapribawan tuturane Dave. Kabuktekake ing panganggone basa Indonesia sajrone ukara basa Jawa, yaiku “Iya. Nek ambegane ditahan iku memperpendek umur.” Sajrone tuturan kasebut konteks tuturane panutur wiwit kawitan nggunakake basa Jawa ngoko banjur dibacutake nggunakake campur kode basa Indonesia. Mitra tutur nggunakake konteks tuturan basa Jawa lumrahe, nanging diwenahi campur kode basa Indonesia “ditahan” kang lumrahe bisa nggunakake tembung basa Jawa “diempet”. Mitra tutur nggunakake campur kode sajrone tuturane kasebut, amerga kapribawan tuturan panutur. Saengga panutur nggunakake campur kode sajrone pacaturane. Mitra tutur nggunakake campur kode sajrone tuturane sahingga bisa narik kawigaten para pamirsa kang ndelok vidheo-vidheone ing medhia sosial youtube. Tuturan ing ndhuwur bisa diarani campur kode amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa Indonesia, yaiku saka basa Jawa ngoko banjur disisipi tembung basa Indonesia.

4.2.2 Campur Kode Sisipan Unsur Frasa

- (12) Dave: “Ana rong macem gae awak dhewe siswa Kampung Inggris. Ana kost English area sing awakmu wajib nggo basa Inggris lan sithoke kost biasa, sing gak ana aturane kaya iku maeng. Mbuh basa Medura, Papua, Cina nang kene gak diseneni Rek.”

Dhata (12) arupa pethikan tuturan kang bisa diarani campur kode sisipan unsur frasa. Kabuktekake ing panganggone sisipan tembung basa Inggris sajrone klausa basa Jawa, yaiku “Ana kost English area sing awakmu wajib nggo basa Inggris lan sithoke kost biasa.” Sajrone frasa kasebut kawitane nggunakake tembung basa Jawa nanging ing tengah diwenahi sisipan frasa basa Inggris “kost English area” kang tegese “panggon kos Inggris”. Ukara kasebut bisa diarani campur kode sisipan unsur frasa, amerga sisipan kang digunakake nggunakake sisipan tembung saka basa liyane, yaiku saka basa Jawa banjur disisipi tembung basa Inggris.

4.2.5 Campur Kode Sisipan Unsur Baster

Campur kode sisipan baster minangka gabungan saka rong unsur basa kang beda awujud frasa. Dhata ngenani campur kode sisipan baster iki ora ditemokake ing vidheo medhia sosial youtube akun londo kampung, amarga panutur nduweni watesan sajrone tembung-tembung basa Jawa.

4.2.6 Campur Kode Sisipan Unsur Ungkapan utawa Idiom

Campur kode sisipan ungkapan utawa idiom minangka gabungan rong tembung utawa luwih kang bisa nduweni makna anyar. Makna kang anyar kasebut ora bisa diprediksi utawa dicocogake saka unsur-unsur pamangune.. Dhata ngenani campur kode sisipan idiom iki ora ditemokake ing vidheo medhia sosial youtube akun londo kampung, amarga panutur nduweni watesan sajrone tembung-tembung basa Jawa.

4.3 Interferensi

Interferensi miturut yaiku panyimpangan saka paugeran salah sawijine basa kang dumadi sajrone tuturan para dwibahasawan minangka akibat saka interaksi basa utawa asil saka kontak basa. interferensi minangka panggunane unsur liya kang digunakake karo panutur *bilingual* kanthi individu sajrone sawijine basa. Interferensi kaperang dadi telung bageyan, yaiku interferensi fonologi, interferensi morfologi, interferensi leksikal, lan interferensi gramatikal. Dhata interferensi arupa pacaturan ing ngisor iki.

4.3.1 Interferensi Morfologi

- (13) Cak Dave: “Oh sampeyan paling seneng mangan apa nang kene?”
Cah wadon: “Geprekan.”
Cak Dave: “Geprekan, iku pira?”
Cah wadon: “Enam ribu udah dapet.”
Cak Dave: “Terus nek apa transportasi numpak apa?”
Cah wadon: “Disini ada sepedha onthel. Semuanya disini ngerental sepedha onthel.”
Cak Dave: “Bendina ngerental ngono ya.”
Cah wadon: “E.. perbulan.”

Dhata (13) arupa pethilan dhialog kang ngandhut unsur interferensi. Konsep interferensi yaiku anane panyimpangan-panyimpangan salah sawijine basa kang dumadi saka tuturan minangka asil saka kontak basa. Kabuktekake ing klausa “Bendina ngerental ngono ya.”. Sajrone klausa kasebut ngandhut panyimpangan basa kang nggunakake afiks {-N} basa Jawa dicampurake karo tembung basa Inggris, yaiku “nge-rental”. Tembung ngerental asale saka tembung basa Inggris “rental” kang tegese papan kang disiyapake kanggo wong nyilih samubarang. Tembung rental kasisipan affiks {-N} saengga dadi “ngerental” kang tegese nyilih barange uwong kanthi mbayar. Panutur nggunakake panyimpangan kasebut, amerga winatese padanan tembung (kosakata) basa Jawa kang bisa nggambarake tembung basa Inggris iku maeng. Saengga panutur nggunakake interferensi morfologi basa Inggris sajrone pacaturane.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Adhedhasar asil lan dhiskusi asile panliten ing Bab IV bisa dingerteni yen ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung nduweni sewelas perangan, yaiku ragam basa Jawa ngoko-dialek, ngoko-krama, ngoko-Indonesia, ngoko-Inggris, ngoko-Arab, alih kode *inten*, alih kode *ekstern*, campur kode sisipan tembung, campur kode sisipan frasa, campur kode sisipan klausa, campur kode sisipan tembung rangkep, campur kode sisipan baster, campur kode sisipan idiom, lan interferensi. Adhedhasar ragam basa kang digunakake panutur lan mitra tutur sajrone vidheo ing medhia sosial *youtube*, ragam basa kang digunakake Dave Andrew Jephcott yaiku ragam basa Jawa ngoko. Alih kode lan campur kode kadhang kala nggunakake ragam basa Jawa krama, nanging arang banget, amarga panutur Dave Andrew Jephcott asli wong Australia lan wiwit cilik wis manggon ing Surabaya. Dadi basa Jawa kang digunakake isih sawates ragam basa Jawa ngoko (Surabaya-nan).

Vidheo akun Londo Kampung kerep nggunakake ragam ngoko, alih kode, lan campur kode, amarga nduweni target pamirsa kang bisa ditrima tumrap bebrayan kanthi luwih jembar, ora mung wong Jawa wae. Senadyan nduweni ancas kang apik kanggo nguri-uri basa Jawa supaya ora dilalekake karo wong Jawa dhewe, nanging kawasisan panutur ngenani basa Jawa namung winates ragam basa Jawa ngoko. Babagan kasebut kang njalari vidheo-vidheo kang ngandhut ragam krama isih sathithik. Akun Londo Kampung iki nduweni maneka warna vidheo ing *channel youtube*. Akeh uga vidheo-vidheo kang digawe kanthi cara kontak basa langsung marang bebrayan. Saka kontak basa, panganggone ragam basa Jawa ngoko, alih kode, lan campur kode dening Dave Andrew Jephcott bisa luwih narik kawigaten. Saliyane iku uga bisa menehi unsur interferensi tumrap para bebrayan sarta pamirsa.

5.2 Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane iku, panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung, yaiku (1) sajrone medhia sosial akun *youtube* Londo Kampung kang sinambi ngupaya nguri-uri basa Jawa, panutur uga minangka wong kang nggawe vidheo ing *youtube* supaya luwih ngrembakake pasinaon ragam basa Jawa krama. Para pamirsa bisa uga bisa nyinaoni sinambi ndheleng vidheo kang lucu. (2) sajrone aspek ragam basa kang luwih rinci, amarga winatese basa kang dikuwasani dening panutur medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung. (3) panliten ngenani ragam basa sajrone medhia sosial *youtube* akun Londo Kampung iki durung bisa nemokake dhata lan nliti campur kode sisipan baster lan campur kode sisipan idiom. Mula saka iku,

diprayogakake kanggo panliten ngenani sosiolinguistik sabanjure luwih nengenake aspek basa kang digunakake kanthi subjek panliten, situasi, lan sumber kang beda.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A. Chaedar. 1985. *Beberapa Madhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa.
- Aslinda lan Syafyayah, Leni. 2014. *Pengantar Sosiolinguistik cetakan ketiga*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Basir, Udjang Pr. M. 2016. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa. Edisi Ketiga*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Chaer, Abdul lan Agustina. 2004. *Sosiolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul lan Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2007. *Kajian Bahasa: Struktur Internal, Pemakaian dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widia.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Keraf, Gorys. 1997. *Komposisi: Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Ende-Flores: Penerbit Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 1985. *Tata Bahasa Deskripsi Bahasa Indonesia: Sintaksis*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Kridalaksana, Harimurti. 2011. *Kamus Lingistik, Edisi Keempat*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 2008. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia, Edisi Kedua*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Kushartanti. 2005. *Pesona Bahasa Langkah Awal Memahami Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2006. *Metode Penelitian Bahasa, Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Mustakim. 1994. *Interferensi Bahasa Jawa dalam Surat Kabar Berbahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depdikbud.
- Nababan, P.W.J. 1984. *Sosiolinguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Utama.
- Pateda, Mansoer. 1987. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa
- Ramlan, M. 1987. *Morfologi Satuan Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV. Karyono
- Sudaryanto. 1993. *Metode lan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Wacana University Press.

Surana. 2019. *Aspek Sosiolingistik dalam Stiker Humor*. Lokabasa 8 (1), 86-100. (online).

https://scholar.google.co.id/scholar?hl=id&as_sdt=0%2C5&q=Variasi+bahasa+Surana&btnG=#d=gs_qabs&u=%23p%3DD8r9GsLcJ50J kaakses 28 Maret 2019 tabuh 21.45

Suwito. 1985. *Sosiolinguistik*. Surakarta: Henary Offset.

Suwito. 1985. *Pengantar Awal Sosiolinguistik: teori dan problema*. Surakarta: Henary Offset.

Weinreich, Uriel. 1953. *Language in Contact: Finding and Problem*. Mauton: The Houge-Paris.

